# ШАҢАРАҚТА БАЛАНЫҢ ЖАС ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИНЕ ЫЛАЙЫҚ ТӘРБИЯ БЕРИЎ МАШКАЛАЛАРЫ

**М.А.Пазылов** – *магистрант*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** оила, фарзанд, авлодимиз давомчиси, инсоният, мангулик қадрият, беғам болалик, ёшлик давр, ланги, чуллик, телефон, компьютер, планшет.

**Ключевые слова:** семья, дети, наследники, человечество, вечная ценность, невинное детство, юность, ланги, чуллик, телефон, компьютер, планшет.

**Key words:** family, children, fate continuers, humanity, eternal value, happy childhood, youth, «lang», «chullik», telephone, computer, map-case.

Перзент шаңарағымыз қуўанышы, урпағымыздың даўамшысы, өмиримиздиң бахыты, жүрегимиз, кеўлимиз, тилимиздиң мақтанышы болып есапланады. Перзент тәрбиялаўдай ҳәм машақатлы, ҳәм жуўапкершиликли ўазыйпаны үлкен қуўаныш, шадлық пенен мойнына алатуғын халқымыздың жүреклеринде бундай инсанийлықтың уллы пазыйлетлериниң бар екенлигин көрип тән берип жасағың келеди. «Балалы үй базар…», «Балалы үйде урлық жатпас», «Өмир бала менен татлы» деп әзелден ата-бабаларымызда балаларға деген ҳүрметин, меҳир-мүриўбетин айрықша билдирип өткен.

Өтмишке нәзер таслайтуғын болсақ, ата-бабаларымыз ҳәр қандай қыйын күнлерди басынан өткерсе де өз өмириниң даўамшысы болмыш перзентиниң тәрбиясына айрықша итибар менен қараған. Олар перзентиниң бийғам балалығын қәдирлеген, кишкенелерин патшалыққа теңеген. Соның менен бирге, балалық дәўирилеринен баслап-ақ мийнетке үйреткен, перзентиниң жаслық дәўирин дурыс түсинип бул дәўирде перзенти менен досларша мүнәсибетте болған. Кейин ала ата-ананың перзентине деген мүнәсибети, турақлы бир қағыйдаға айланып кеткен ҳәм ол қуўанарлы жағдай болып есапланған.

Шынында да, ата-бабаларымыз жасаған дәўир аўыр күнлерге, машақатлы демлерге, басып алыў сыяқлы әдалатсыз өмирге толы болғанлығын бәршемиз жақсы билемиз. Мәселен, уллы шайырларымыз Бердақ, Әжинияз, Күнхожа сыяқлы тулғаларымыздың жасаған дәўирлери әне усындай машақатларға толы болған болса, ал бүгинги күнде биз бенен бирге жасап атырған жасы үлкен ата-апаларымыздың, ағаларымыздың балалық дәўирлери ашаршылық, қыйын-қыстаў, урыс жылларына туўры келгенлиги ҳәр қандай инсанниң жүреклерин елжиретпей қоймайды. Деген менен инсанның өмирдеги үмити, ата-анасының меҳир-мухаббаты, олардың берген әдил тәрбиясы ҳәр қандай қыйыншылықлардан үстем турып, бүгинги күнде олардың теберик атларын пүткил дүнья таныйтуғындай уллы инсанлардың жетилисип шыққаны кеўиллеримизде мақтаныш сезимлерин оятары сөзсиз.

Елимиз ғәрезсизликке ерискен дәслепки күнлеринен баслап-ақ, балаларымызға, жасларымызға, олардың оқып билим алыўына шексиз имканиятлар жаратылды ҳәм бул процесс бүгинги күнге шекем даўам етип атыр. Әсиресе, мектепке шекемги билимлендириў мекемелерине қаратылып атырған итибар, ҳәр қандай ата-анаға перзент тәрбиялаў жолындағы қос қанатына айланды десек асыра айтқан болмаймыз.

Деген менен жаратылып атырған ҳәр қандай имканиятларды қәте түсинип, перзентлерине бийпарық болып, олардың тәлим-тәрбиясы менен шуғылланбай жүрген ата-аналырымызда ушырасып турғанлығы жасырып болмас ҳақыйқат болып есапланады. Мәселен, анасының меҳир толы ҳәййиўин еситип уйқлаўы тийис болған баланың телефондағы бийгана биреўдиң қосығын тыңлап уйықлаўы, көшелерди шаңғытып, ланқи, шүллик, бир қазан сыяқлы ойынларымызды жалаң аяқ жуўырып ойнап, ана жеримиздиң ыссы ҳәўирин сезиниўи керек болған бала, телефон, компьютер, планшет қусаған ҳәр түрли техникалар менен ойнаўы, адамның адам менен емес ал, ҳәр түрли қурылмалар менен досласып сөйлесиўи күнделикли турмысымызда көзимиз көрип, ҳәттеки, үйренисип те кеткен көриниске айланған.

Усы орында «Бүгинги тыныш татыў өмиримизде, балаларымызды жақсы инсан етип тәрбиялаўға не тосқынлық етип атыр?», «Бала тәрбиясы не ушын машқала болып келмекте?», улыўма, «Тәрбия дегенимиз не?» деген сораўлар дизбеги пайда болады. Кеўилди тынышландырып, өзимизше тыянақлы бир себеп табармыз деген мақсет пенен бул сораўларды айырым заманласларымызға берген ўақтымызда «Ўақыт жоқ», «Жумыстан шаршап келемиз», «Той-мерекеден қолымыз босамайды» деген жуўапларды алған болсақ, ал және бир топар ата-аналарымыз болса, өзлерине мүтәж болып келген балаларына «Шаршап турман балам» деген алтын сөзлерди айтып қутылатуғынлығын билип алыў имканиятына ийе болдық. Ҳүрметли Президентимиз Ш.М.Мирзиёевтиң «Егер перзентимизге дурыс тәрбия бере алмасақ, ҳәр куни, ҳәр минутта оның жүрис-турысы, кейпиятынан хабардар болып турмасақ, оларды илимге, өнерге үйретпесек, оларға мүнәсип жумыс таўып бермесек, бул аманатты уттырып қойыўымыз ҳеш гәп емес» [1] деген сөзлери ядымызға түседи. «Қай жериң аўырса сол жериң жаның» дегениндей жоқарыдағы сыяқлы унамсыз, машқалалы жағдайларды көрген ўақытымызда тәрбия, меҳир мухаббат деген сөзлер ядымызға келеди.

Усы орында тәрбия ҳаққында тоқталып өтетуғын болсақ, тәрбия инсанның инсанлығын тәмийинлейтуғын әййемги ҳәм мәңгилик қәдирият болып есапланады. Ҳәр қандай адам да, пүткил инсаниятта, тарбиясыз жасай алмайды. Себеби, инсан ҳәм жәмийеттиң бар екенлигин тәмийинлейтуғын қәдириятлар әўладтан-әўладқа тек тәрбия арқалы ғана өтеди [2,3]. Демек ҳәр бир ата-ана перзентлерине тәрбия бериў барысында олардың келешегин ойлап қоймастан, ал, өтмиш қәдириятларын, бир-биреўге болған ҳүрмет-иззетти, инсанийлық пазыйлет, меҳир-мухаббат, жасы үлкен ҳәм жасы кишилерге жәрдем бериў, мийримлилик, үрп-әдет дәстүрлеримиз, ҳәм т.б көплеген миллий өзгешеликлеримизди де сиңдирип барыўымыз тийис екенлигин ядымызда сақлаўымыз керек.

«Ылашығым үй болар, балам үлкейсе бий болар» дегениндей, халқымызда бала туўылған ўақтында жасы үлкенлеримиз тәрепинен «Ырысқы несийбеси, бахыт-дәўлети менен келген болсын» деген нийетлер билдириледи ҳәм бул нийетлер ата-аналардын тилек ҳәм мақсетлерине айланып барады. Өз ойындағы инсанды қәлиплестирип - камалға келтириў ушын ата-ана перзентин илажы барынша өз мақсети жолында тәрбиялаўға ҳәрекет етеди. Мәселен, ата-ана келешекте перзентин спортшы етип шығараман десе, баласына көбирек спортқа байланыслы бұйымларды, ойыншықларды алып береди. Ал, ата-ана перзентин зыялы, үлкен алым болыўын шын кеўилден мақсет етсе, сондай шәраят жаратып береди, яғный, баласына кишкенелигинен баслап ҳәр түрли ертек китапларды оқып береди, ертек қаҳарманларының унамлы-унамсыз тәреплерин баласы менен бирге талқылайды ҳәм сол арқалы оқыўға болған қызығыўшылығын арттырыўға ҳәрекет етеди. Илимий әдебиятларда: «Мақсет - адам

тәрепинен орынланатуғын әмелий хызметлердиң алдын ала ақылға муўапық ойланылған нәтийжеси. Ол тек адамларға ғана тән болған ойлаўдың жуўмағы, хызмет бағдарын белгилеўши илахий куш» [3:252] деп келтириледи. Биз келтирген мысаллар болса тәрбияның турмыстағы мақсети болып, ол арқалы «Адам баласының келешекте қандай инсан болып жетилисиўин болжаўға болады. Сонлықтан, жәмийеттеги идеал адам түсиниги, тәрбия мақсети түсиниги менен биригип (уйғынласып) кеткен» [3:253] - деп көрсетилген. Солай екен, ата-ана перзентиниң қандай инсан болып жетилисиўин мақсет етсе, сол мақсетке ерисиў ушын оның менен турақлы шуғылланып турыўын бүгинги күн турмысыздың өзи дәлиллеп тур.

Инсан бала тәрбиялаў арқалы өзин-өзи де тәрбиялап барады екен. Себеби, ҳәр бир ата-ана өзиндеги қандай да бир унамсыз ис-ҳәрекетлерди, унамсыз әдетлерди перзентинде көргиси келмейди ҳәм тәбийий түрде бундай әдетлерден узақласа баслайды. Бул бойынша шығыс ойшылларының бири Абу Наср Фарабий «Фозил одамлар шаҳри» мийнетинде «Бахыт саадатқа ерисиў жолында не жәрдем берсе оны сақлаў, беккемлеў, не зыян болса, оны пайдалы нәрсеге алмастырыўға ҳәрекет етиў керек» [4:68] екенлигин айтып өтеди.

Биз жоқарыда айырым заманласларымыздың бала тәрбиясы ҳаққында айтып өткен пикирлерин келтирип өттик. Буның менен оларды қаралаў ямаса олар туўралы унамсыз пикирлерди билдириў нийетимиз жоқ. Мақсетимиз олардың ойлап жүрген ойларына мақаламыз арқалы азғана болса да тәсир етип, уллы Бердақ бабамыздың «Инсан туўылған күнинен баслап тәрбияға мүтәж болады, оның дәслепки тәрбияшылары, ата-ана болып есапланады» [5] -деген даналық пикирлерин барқулла ядында сақлап, ата-аналық ўазыйпасына жуўапкершилик пенен қараса екен деген ойымыздың бар екенлигин билдиригимиз келди.

Жуўмақлап айтқанда, хәр қандай нәрседен жоқары туратуғын, инсан өмирине бериliў бағдарына қарай өз тәсирин тийгизетуғын, инсанның руўхый хәм ақылый жақтан алыўы тийис болған тәрбиясы, өзинин унамлы тәреплери менен күнлы болып есапланады. Бул күнлылықты жойытпаў ушын хәр бир инсаннан тек ғана итибар талап етиледи. Жәмийетте берилетуғын тәрбия менен шаңарақта берилетуғын тәрбия бирдей алып барылыўы тийис. Ең тийкарғысы, келешегимиз болған балаларымыз бир тәреплеме берилетуғын тәрбия менен шекленип қалмаса мақсетке муўапық болар еди. Себеби, ата-ананын мехир-мухаббаты, шын ықласы менен тәрбияланған келешек әўлад, ертенги күнимиздин даўамшылары, уллы тулғалары болып есапланады.


**Әдебиятлар**

1. Усмонова Хуршида «Ёшлар тарбияси порлоқ келажак пойдевори». Nasihat.uz
2. «Тарбия энциклопедия» (М.Н. Аминов, А.М.Мажидов). –Тошкент: 2010, 3-б.
3. Пазылов А., Қосназаров Қ., Сейтмуратов Қ., Қурбанизова З. «Педагогика теориясы». –Т.: «Ношир» 2018, 252-253-б.
4. Арапбаева Д.К. Арапбаева В.К. Шарқ мутаффакирларининг оила ва тарбия ҳақидаги қарашлари. «Замонавий таълим» журнал 2015-йил 7-сон. 68-б.
5. Шарқ мутафаккирларининг фарзанд тарбияси ҳақидаги фикрлари. http://ertaklar.uz/



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада оилада бола тарбияси, бола тарбиясида уларнинг ёш хусусиятларини ҳисобга олиш, оиладаги тарбия ишларини болаларнинг ёш хусусиятларига мослаб олиб бориш масалалари сўз қилинади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются вопросы воспитания детей в семье, необходимость учёта возраста детей и в соответствии с этим выбор подходящих способов в воспитании.

**SUMMARY**

In this article it is said about the problems of the children's upbringing in the family, taking into consideration the children's age and according to it the selection of suitable ways in the upbringing.


**УДК:37,016:811.111:821.111(072)**

## ХУДОЖЕСТВЕННОЕ НАСЛЕДИЕ АНГЛИИ В ОБУЧЕНИИ АНГЛИЙСКОМУ ЯЗЫКУ

**Г.Н.Пирманова** – *доктор философии по филологическим наукам*
*Навоийский государственний педагогический институт*

**Таянч сўзлар:** педагогик тизим, бадиий мерос, қизиқишини ошириш, маданий билим, педагогик билим,ўрганиш, хорижий тил, Англия бадиий мероси.

**Ключевые слова:** педагогическая система, художественное наследие, активизация интереса, культурологические знания, педагогические знания, изучение, иностранный язык, художественное наследие Англии.

**Key words:** pedagogical system, art heritage, activization of interest, culturological knowledge, pedagogical knowledge, learning, foreign language,art heritage of England.

Сегодня изучение английского языка считается фактором цивилизации и международного престижа нашей страны. Очевидно, необходимо знать именно английский язык, поскольку он – коммуникативно-международный. На нём говорят более чем в сорока странах, а в пятидесяти странах английский язык признан вторым языком.

Для успешного изучения английского языка совершенствуется материально-техническая база во всех образовательных учреждениях (по программе усовершенствованного оснащения): кабинетов английского языка современными информационно-коммуникационными и техническими средствами обучения и инвентарём на основе использования мультимедийных технологий и обучающих компьютерных тренажеров по английскому языку [1].

Образовательные учреждения обеспечиваются наглядными пособиями, словарями, справочными материалами по грамматике, фонетике, в том числе, в электронной форме, а также компьютерной программной «продукцией» по изучению английского языка.

На Узбекский государственный университет мировых языков возлагаются функции базового учреждения по повышению квалификации и переподготовке преподавателей английского языка (в этих целях укреплена материально-техническая база университета).

Создаётся система оценки уровня знаний и владения английским языком, система подготовки, повышения квалификации и переподготовки педагогических кадров по английскому языку. Вырабатываются ведомственные нормативные документы (в соответствии с нормами «Общеевропейской компетенции владения иностранным языком). Проводится комплекс мер: по внедрению системы оценки и сертификации уровня знания английского языка; утверждению критериев и объема часов преподавания на английском языке и т.д. Внедряется система повышения базовых знаний руководящих и педагогических кадров образовательных учреждений по английскому языку. Пересматриваются квоты приема в высшие образовательные учреждения